



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PREMYE TREN AK PASRÈL OUVÈ AN SÈVIS EPI ANONSE 1,000 MACHIN METWO GEN KAMERA KOUNYE A**

***R211T gen kamera sekirite nan tout tren an, pòt ki pi laj, ekran dijital nan chak machin, ak lòt karakteristik aksesibilite***

***Premye tren ki gen machin ak pasrèl ouvè pral opere nan Etazini nan epòk modèn lan pral kouri sou liy C a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman machin tren ak pasrèl ouvè R211T sou liy C a, k ap kouri ant Washington Heights ak East New York, epi li te make pwogrè enpòtan nan direksyon pou ogmante kamera nan tout sistèm nan, ak 1,000 machin metwo ki kounye a ekipe ak kamera. Devwalman an te swiv yon vwayaj inogirasyon ak Gouvènè Hochul, lidèchip Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an, ak ofisyèl eli yo, kòmanse nan estasyon 168 St AC1 nan Washington Heights, ki sèvi kòm tèminal liy C a.

"Metro a se eleman vital Vil New York epi n ap fè yon investisman rekò pou li an sekirite, efikas ak pote siksè", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouvo machin tren, kamera sekirite adisyonèl ak sèvis ki pi fyab pral fè sistèm tren an pi bon toujou pou plizyè deseni k ap vini."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Metro nou yo se kolòn vètebral Vil New York — epi gras ak patenarya nou avèk Gouvènè Hochul ak MTA, kolòn vètebral nou an pi solid pase avan. Plis Nouyòkè ap monte nan tren nou yo, epi retounen nan kantite pasaje maksimòm avan pandemi an. Pa twonpe tèt nou: nou gen plis travay pou nou fè. Men, nouvo tren sa yo — ak 1,000 machin tren nou te deja enstale kamera ladan yo — se yon gwo pwochen etap nan direksyon pou kreye yon eksperyans tren ki pi an sekirite, ki pi dous pou tout Nouyòkè yo."

Vwayaj inogiral la make premye fwa yon tren ak pasrèl ouvè te opere nan istwa modèn nan tren Etazini yo. Kòporasyon Transpò Komen Brooklyn–Manhattan (Brooklyn–Manhattan Transit Corporation, BMT), youn nan twa otorite k ap opere ki te prekesè nan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) ki te gen amalgam lan, te dirije segman pasrèl ouvè ki gen twa machin soti 1925 rive 1965.

Machin pilòt R211T pou pasrèl ouvè yo fè pati yon pi gwo kòmand machin konvansyonèl R211A 60 ki mezire pye, ki finanse pa Administrasyon Transpò Komen Federal (Federal Transit Administration, FTA), ki gen ladann finansman ki soti nan Pwojè Lwa Enfrastrikti Bilateral la.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Laj mwayèn machin metwo MTA yo gen 25 an pi ansyen machin tren nou an, R46, gen prèske 50 an. Jan Evalyasyon Bezwen pou 20 ane a te fè remake, MTA bezwen achte plizyè milye machin, yo bezwen konsepsyon ki pi inovan epi yo dwe kalifye pou finansman federal. Pwogram pilòt sa a pral anseye nou si konsepsyon pasrèl ouvè a ap mache pou Nouyòkè yo."

**Prezidan Konsèy Vil New York la, Adrienne Adams, te deklare,** "Transpò piblik se eleman vital vil nou an, epi nouvo machin metwo sa yo ap ede plis Nouyòkè jwenn aksè ak tren an epi ale nan destinasyon pa yo pi an sekirite. Li enpòtan pou nou kontinye investi nan sistèm transpò piblik nou an epi fè amelyorasyon sekirite nesèsè yo, tankou machin konekte, ke kominote yo te mande depi lontan. Li lè pou nou mete ajou metwo nou yo epi pote yo nan prezan pou nou ka koresponn ak echèl bezwen nou an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout moun ki gen enterè yo pou travay y ap travay yo sou lanse nouvo flòt sa a."

**Lidè Majorite Konsèy Vil New York, Selvena N. Brooks-Powers, te deklare,** "Mwen aplodi efò Gouvènè Hochul ap fè pou amelyore sekirite pou pasaje nan tren yo atravè Vil New York. Kamera sa yo pral bay yon nivo pwoteksyon siplemantè pou pasaje yo epi antanke Prezidan Komite Transpò ak Enfrastrikti a, mwen kwè sekirite ak aksè nan transpò piblik yo enpòtan anpil, epi kamera sa yo pral ede bay yon wòl enpòtan pou vwayajè yo nan tout vil la."

**Prezidan Transpò Piblik Vil New York la, Richard Davey, te deklare,** "Flòt R211 la an relasyon pafè ak slogan sèvis ki pi rapid, pi pwòp, ki pi an sekirite nou genyen nan Transpò Vil New York la. Machin sa yo ap fanyèl deyò yo, sepandan, andedan se nouvote. Pòt ki pi laj yo ede pasaje yo monte nan tren an pi vit, epi nou espere machin ak pasrèl ki ouvè yo fè li pi fasil pase avan pou jwenn yon plas."

**Direktè Aksesibilite MTA, Quemuel Arroyo, te deklare,** "R211A a chanje eksperyans vwayaj la pou pasaje ki gen yon andikap, li bay pòt ki pi laj ansanm ak opsyon pou chèz aksesib amelyore. Konsèp pasaj ouvè a ale yon nan etap pi lwen, sa ki pèmèt pasaje k ap itilize yon chèz woulant oswa vwayaje ak yon pousèt pou premye fwa nan tan modèn kapab navige ant machin tren yo san yo pa bezwen desann."

Machin tren R211 yo se yon pati enpòtan nan efò modènizasyon kontinyèl MTA ap fè nan tout sistèm nan. Machin yo gen ladan kamera sekirite ki enstale davans nan chak machin ki ajoute sou 1,000 machin tren yo ki deja gen kamera anndan machin yo nan tout sistèm nan. Rèz flòt Transpò Komen Vil New York la pwograme pou gen enstalasyon kamera anndan machin yo ki fini anvan janvyè 2025. Enstalasyon nan machin yo ajoute sou rezo kamera ki deja vas nan sistèm tren an. Anplis de 1,000

kamera machin nan metwo a, MTA a gen apeprè 15,000 kamera atravè tout 472 estasyon yo.

Machin R211 yo genyen ouvèti pòt ki mezire 58 pous nan lajè ki gen uit pous pi laj pase ouvèti pòt estanda yo sou flòt machin ki egziste a, ki fèt pou akselere anbakman epi redwi kantite tan tren yo rete nan estasyon yo. Anplis de pòt ki pi laj, machin sa yo bay plis syèj aksesib, ekspozisyon dijital ki pral bay enfòmasyon ki pi detaye sou estasyon yo, ak ekleraj ak siyal ki pi klere, pami lòt karakteristik ki amelyore eksperyans kliyantèl la.

Nan [oktòb 2023](#) otorite a te anonse machin R211S yo pral deplwaye sou Wout Ray Staten Island (Staten Island Railway, SIR) apati ane sa a. Komen NYC Transit te resevwa 20 machin ak pasrèl ouvè kòm yon pati nan yon pi gwo kòmand machin R211A.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)